



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

Office for Civil Rights

U.S. Department of Health
and Human Services

200 Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F

Washington, D.C. 20201

TELEFÒN

1-800-368-1019

IMÈL

ocrmail@hhs.gov

TDD

1-800-537-7697

www.hhs.gov/ocr

KONN DWA OU YO KONT DISKRIMINASYON! BIWO POU DWA SIVIL LAN (OCR)

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini an (HHS) responsab pou ranfòse lwa sou dwa sivil ki aplike ak benefisyè ki resevwa asistans finansye federal nan men HHS. Lwa sa yo entèdi diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap oswa laj. Kèk lwa gendwa pwoteje tou kont diskriminasyon sou baz idantite seksyèl oswa relijyon.

Lwa yo pwoteje nou!

Egzanp lwa ki pwoteje nou yo gen ladan yo:

- Tit VI Lwa 1964 lan sou Dwa Sivil yo Seksyon
- 504 Lwa 1973 lan sou Reyabilitasyon an
- Tit II Lwa 1990 lan sou Ameriken ki gen Andikap yo
- Lwa 1975 lan kont Diskriminasyon dapre Laj lan
- Dispozisyon Lwa Hill-Burton lan sou Asirans pou Sèvis nan Kominote an
- Seksyon 1557 Lwa sou Swen ki Abòdab yo

Egzanp enstitisyon, pwogram ak founisè sèvis ki resevwa fon nan men

HHS gen ladan yo:

- Lopital
- Pwofesyonèl swen sante yo nan kabinè prive ak pasyan ki benefisye Medicaid
- Sant sante mantal yo pou kominote an ak pou fanmi an
- Sant tretman kont alkòl ak dwòg
- Fwaye retrèt
- Ajans Eta yo ki responsab pou administre swen sante
- Fwaye akèy yo
- Gadri ak sant pou granmoun aje
- Pwogram Nitrisyon
- Ajans pou asistans revni ak sèvis sosyal lokal yo ak pou Eta a

Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil yo (OCR)

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon akòz ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj oswa nan kèk ka sèks oswa relijyon, nan men yon antite k ap resevwa asistans finansye nan men HHS, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Ou gendwa depoze plent yo nan espas 180 jou apati dat ou sipoze diskriminasyon an te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye Fòmilè Plent OCR lan ki disponib sou paj wèb nou an nan www.hhs.gov/ocr. Fòmilè plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lòt lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- **Non, adrès ak nimewo telefòn ou.**
- **Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon moun — pa egzanp: mari/madanm, zanmi, kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak deklarasyon relasyon ou ak moun sa a.**
- **Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.**
- **Kilè, kijan epi poukisa ou kwè diskriminasyon an te rive.**
- **Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.**

Si ou voye plent lan nan lapòs, asire ou pou voye l nan atansyon manadjè rejyonal biwo rejyonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo rejyonal epi chak biwo rejyonal kouvri eta ki espesifik. Ou gendwa voye plent yo nan lapòs bay Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan la:

**Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services 200
Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F
Washington, D.C. 20201**

Pou aprann plis:

**Vizite nou sou entènèt nan www.hhs.gov/ocr
Rele nou gratis nan 1-800-368-1019 Ekri nou
imèl: ocrmail@hhs.gov
TDD: 1-800-537-7697**

Gen asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib e yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

www.hhs.gov/ocr